Dañoo tudd fi Yonnente bi jenn waay bu nelaw guddeem gi yépp ba suba jot, mu ne: "kooku mooy ki nga xam ne saytaane daa saw ci ay noppam, walla mu wax: ci noppam

Jële nañu ci Abdullah Ibn Mashuud yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Dañoo tudd fi Yonnente bi jenn waay bu nelaw guddeem gi yépp ba suba jot, mu ne: "kooku mooy ki nga xam ne saytaane daa saw ci ay noppam, walla mu wax: ci noppam".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Dañoo tudd fi Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc jenn waay ju nelaw ba suba jot jant bi fenk te jugul julli farata gi, Yonnente bi daa di ne: waa jooju saytaane moo saw ci nopp bi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3714